

MWEN FÈT POU M GENYEN DWA...



POU MWEN RETE MOUN MWEN YE A,
san pou m pa enkyete pou sekirite mwem.



POU M FYÈ AKÒZ ERITAJ MWEM,
san yo pa di m pou mwem toumen nan peyi m.



POU M JWENN TRAVAY,
SAN YO PA REFIZE M
akòz koulè pou mwem oswa akòz non mwem.



POU MWEN ABIYE SELON SA
RELIJYON MWEM MANDE A,
san yo pa di mwem se yon
menas pou lasosyete.



POU M PALE AK PITIT
MWEM NAN LANG PANYÒL,
san pou pyès moun pa di
m mwem òwe pale Angle.



POU MWEN LWE YON
APATMAN KI DISPONIB,
san yo pa di m li pa disponib pou mwem.

WI OU GENYEN DWA SA A.

LIS RESOUS

Lwa sou Dwa Imen nan Vil New York (New York City Human Rights Law) se youn nan dwa sivil ki pi konpreyansif nan peyi a. Lwa a entèdi diskriminasyon nan travay, lojman, ak nan espas piblik akòz ras, koulè po, relijyon/kwayans, laj, orijin nasyonal, desandans oswa sityasyon sitwayènte (ki gen ladan l kondisyon imigrasyon), sèks, idantifikasyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap, gwasès, eta sivil, ak konkubinaj. Lwa a defann tou diskriminasyon nan travay ki baze sou istorik arestasyon/kondanasyon, istorik sou kredi, sityasyon antanke moun k ap bay swen, sityasyon chomaj, epi sityasyon antanke moun ki viktim vyolans nan kay, vyolans seksyèl, ak pèsèkisyen; epitou li defann diskriminasyon nan lojman akòz prezans timoun, sityasyon antanke viktim vyolans domestik, vyolans seksyèl, ak asèlman, avèk tou itilizasyon sibvansyon oubyen kupon pou lojman. Lwa a defann tou pou lapolis fè zak asèlman poutèt diskriminasyon ni pou li pa sible moun poutèt prejije.

Komisyon Vil New York sou Dwa Imen (New York City Commission on Human Rights) genyen kòm responsablite pou l ranfòse Lwa sou Dwa Imen an epi pou l edike piblik la sou lwa a.

Komisyon an founi yon seri sèvis pou vizitè ak rezidan nan Vil New York:

- **Fè rapò sou diskriminasyon epi/oswa soumèt yon plent sou diskriminasyon.** Si w viktim oubyen ou temwen diskriminasyon, pèsèkisyen, oswa entimidasyon nan Vil New York, ou kapab rapòte sa lè w rele 311 epi w mande pou Komisyon NYC sou Dwa Imen an, lè w rele Liy Enfòmasyon Komisyon an nan (718) 722-3131, oubyen al gade nan NYC.gov/HumanRights epi itilize **Fòm pou Rapò sou Diskriminasyon nou an**. Pouki pou w pote plent sou diskriminasyon bay Komisyon an? Anplisde resevwa jistis ak diyite ou merite a, konsekans ki posib lè yon moun vyole lwa a gen ladan l konpansasyon finansyèl, penalite, ak fòmasyon obligatwa sou Lwa NYC sou Dwa Imen yo pou predatè yo.
- **Patisipe nan yon atelye gratis.** Pwopriyete antrepriz, founisè lojman ak akomodasyon piblik epi moun kapab enskri pou yon seri atelye gratis nan lang Angle ak Panyòl pou yo aprann obligasyon ak responsablite yo genyen selon lalwa. Atelye yo abòde sijè tankou Lwa sou Chans Rezonab (Fair Chance Act), diskriminasyon nan lojman, Lwa pou Sispann Diskriminasyon sou Kredi nan Travay (Stop Credit Discrimination in Employment Act), Dwa Imen 101 (Human Rights 101), epi Transeksyèl 101 (Transgender 101), lè yo kontakte trainings@cchr.nyc.gov. Ou ka jwenn yon orè konplè sou evènman Komisyon an òganize nan NYC.gov/HumanRights.
- **Soumèt yon demann sètifikasyon pou viza U oswa T.** Moun ka fè demann pou sètifikasyon pou yon Viza U oswa T atravè Komisyon NYC sou Dwa Imen yo. Komisyon an pral konsidere demann pou sètifikasyon pou viza U oswa T nan men moun ki ranpli yon plent sou diskriminasyon bay Komisyon an epi/oswa ki te ede nan investigasyon ak/oswa pousuit yon ka. Si w ta renmen soumèt yon plent bay Komisyon an, kontakte 311 epi mande pou Komisyon NYC sou Dwa Imen yo oubyen rele Liy Enfòmasyon Komisyon an nan (718) 722-3131. Si w deja soumèt yon dosye devan Komisyon an oubyen ka w la fèmen, kontakte biwo politik Komisyon an pou jwenn plis enfòmasyon nan (212) 416-0136 oswa policy@cchr.nyc.gov.
- **Fè demann pou yon reprezantan Komisyon an pale nan evènman w nan.** Òganizasyon ak òganizasyon ki pa travay pou pwofi yo ka mande pou estaf Komisyon NYC sou Dwa Imen an pale nan evènman oubyen patisipe nan diskisyon tabwonn. Tanpri kontakte policy@cchr.nyc.gov pou w fè demann pou yon entèvenan.
- **Resevwa dokimantasyon sou Lwa NYC sou Dwa Imen.** Telechaje oswa fè demann pou tiliv la nan plizyè lang, feyè, fèy enfòmasyon, kat enfòmasyon, ak lòt materyèl edikatif sou Lwa NYC sou Dwa Imen yo lè w ale nan NYC.gov/HumanRights oswa kontakte Biwo pou Kominikasyon ak Maketing (Office of Communications and Marketing) la nan communications@cchr.nyc.gov.